

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan nya éta cara, léngkah-léngkah sistematis nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data, nganalisis data, napsirkeun jeung nyindekkeun hasil panalungtikan. Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kualitatif. Moleong (dina Arikunto, 2010, kc. 22) nétélakeun yén panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan anu datana atawa sumber datana mangrupa kecap-kecap dina wangun lisan atawa tulisan, hal anu ditalungtikna ditalaah leuwih jero sangkan bisa kacangkem ma'nana.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Métode déskriptif nya éta métode anu di jerona ngawengku akumulasi data ku cara déskriptif, henteu maké uji hipotésis, teu nyieun ramalan prédiksi, jeung teu nyangking ma'na implikasi. Métode déskriptif analitik dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta/data-data anu satuluyna dianalisis (Ratna, 2013, kc. 53). Tujuan tina ieu métode nya éta pikeun ngadéskripsikeun atawa ngajelaskeun gambaran sistematis ngeunaan sumber data anu ditalungtik.

Semi (1992, kc. 38-39) nétélakeun aya léngkah-léngkah nu kudu dilaksanakeun dina panalungtikan kualitatif nya éta (1) nyusun konsép, panalungtik ngarumuskeun masalah; (2) ngumpulkeun bahan-bahan anu ngarojong kana panalungtikan; (3) ngalaksanakeun panalungtikan, dina ieu léngkah panalungtik ngumpulkeun data, nyatet data, ngalaksanakeun panalungtikan, sanggeus data kakumpulkeun tuluy dikelompokkeun; (4) ngadéskripsikeun hasil panalungtikan, dina ieu léngkah dilaksanakeun analisis data, interprétasi, jeung ngadéskripsikeun hasil panalungtikan, tuluy ngarumuskeun kacindekan.

3.1 Desain Panalungtikan

Ira Nurasih, 2017


STRUKTUR JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL SURAT WASIAT KARANGAN SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMP

Universitas Pendidikan Indoensia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Desain panalungtikan mangrupa gambaran atawa rarancang dina panalungtikan, sangkan panalungtik bisa ngalaksanakeun panalungtikanana kalawan puguh léngkah-léngkahna. Anapon desain panalungtikan anu digunakeun ku panalungtik, bisa digambarkeun dina bagan ieu di handap.

Bagan 3.1

Desain Panalungtikan



3.2 Data jeung Sumber Data

Data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh eusi carita anu aya dina novél *Surat Wasiat* karangan Samsodi. Arikunto (2010, kc. 172) nétélakeun sumber data panalungtikan nya éta subjék data anu ditalungtik. Sacara gurat badag, sumber data ngawengku tilu rupa, nya éta jalma (*person*), tempat (*place*), jeung kertas atawa dokumén (*paper*).


Ira Nurasih, 2017

STRUKTUR JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL SURAT WASIAT KARANGAN SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMP

Universitas Pendidikan Indoensia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar pedaran di luhur sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kertas atawa dokumén (*paper*) dina wangun novél *Surat Wasiat* karangan Samsoedi sarta buku-buku séjén anu ngarojong kana ieu panalungtikan.

3.2.1 Idéntitas Novél *Surat Wasiat*



Gambar 3.1

Surat Wasiat mangrupa novél karangan Samsoedi. Samsoedi nya éta pangarang anu ngaranna diabadikeun jadi ngaran hadiah pikeun buku bacaan barudak dina basa Sunda taun 1993. Novél *Surat Wasiat* téh mangrupa novél wedalan PT Kiblat Buku Utama, citakan ka-2 taun 2012. Ieu novél téh teu pati kandel, sabab ngan 54 kaca.

Novél *Surat Wasiat* nyaritakeun Sunyoto, rumaja nu indit ka Jogja néangan akina, nu majarkeun beunghar lantaran boga usaha batik di Jogja, saperti kaunggel dina surat wasiat titinggal bapana, nu dititipkeun ka Pa Murdiam (bapa pulung Sunyoto). Inditna Sunyoto ka Jogja lantaran diperdaya ku Wa Arsim, lanceukna Pa Murdiam, basa Pa Murdiam gering rihuh. Di Jogja, Sunyoto ngalaman

Ira Nurasih, 2017

STRUKTUR JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL SURAT WASIAT KARANGAN SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMP

Universitas Pendidikan Indoensia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kajadian-kajadian anu matak pikasediheun jeung pikirunyeun: kaleungitan duit, dikaluarkeun tina pagawéan di rumah sakit, jeung dipitnah di tempat gawéna di kamasan Pa Diryo. Ku sabar jeung tawekal ka Mantenna dibarengan ku usaha, ahirna manéhna bisa papanggih jeung akina.

3.2.2 Biografi Samsoedi

Samsoedi (Bandung 1899 - 09 Méi 1987) nya éta salah sahiji pangarang Indonésia munggaran anu ngahususkeun diri nulis carita-carita barudak. Karya-karyana winangun basa lancar, lain wawacan sakumaha anu dina jaman harita populér dina sastra Sunda. Lain baé ukur boga kaahlian dina ngarang carita, tapi deuih tapis dina ngagambar jeung nyanggi lagu.

Satamatna ti Sakola Guru (1917), langsung dijenengkeun jadi guru bantu di Tangerang, meunang genep taun. Waktu keur mancén tugas di dinya, Samsoedi sok milu mantuan di Penjara Kanak-kanak Tangerang. Taun 1923 dipindahkeun gawé ka Bandung. Tujuh taun ti harita pindah deui ka Jakarta, lantaran pindah gawé jadi rédaktur Balé Pustaka tepi ka jaman pendudukan Jepang.

Karyana anu munggaran, *Carita Nyi Halimah*, medal taun 1928. Dua taun ti harita medal deui tilu bukuna, *Carita Budak Teuneung*, *Carita Budak Minggat*, jeung *Carita Si Dirun*. Ditéma deui ku *Jatining Sobat* jeung *Babalik Pikir* anu medal taun 1931.

Dina jaman sanggeus merdéka, Samsoedi ngarang dina basa Indonésia, *Pasundan*, taun 1949. Ari karyana dina basa Sunda, *Carios Pangéran Dipanegara* medal taun 1956. Ti dinya pleng lila teu nulis-nulis kana likurna taun.

Taun 1979, medal *Kisah Syafe'i Sumarja* dina basa Indonésia. Saterusna dina taun 1980-an medal *Minah dan Imron* (1980) jeung *Kisah Mandor Hutan* (1983). Ari anu dina basa Sunda nya éta *Si Bohim jeung Tukang Sulap* (1980).

Taun 1993, ngaran Samsoedi diabadikeun jadi ngaran hadiah pikeun buku bacaan barudak dina basa Sunda. Ieu biografi Samsoedi téh meunang nyalin tina novél *Surat Wasiat* nu aya dina kaca hareup novélina.

Ira Nurasih, 2017

STRUKTUR JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL SURAT WASIAT KARANGAN SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMP

Universitas Pendidikan Indoensia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data jeung Ngolah Data

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi pustaka atawa talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka nya éta téhnik ngumpulkeun data nu mangrupa sumber tinulis pikeun néangan tur nangtukeun tatapakan tioritis anu aya patalina jeung objék panalungtikan. Objék dina ieu panalungtikan nya éta novél *Surat Wasiat*.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

3.3.2.1 Analisis

Data anu geus kakumpulkeun tuluy dianalisis. Arikunto (2010, kc. 278) nétélakeun, yén sacara umum analisis data ngawengku tilu hal, nya éta tatahar, tabulasi, jeung ngamangpaatkeun data anu luyu jeung pamarekan panalungtikan. Tatahar nya éta kagiatan mimiti anu dilaksanakeun dina panalungtikan. Tabulasi nya éta prosés ngahijikeun data anu kapanggih. Data anu geus kapanggih jeung kakumpulkeun tuluy diolah ngagunakeun pamarekan struktural jeung ajén moral. Analisis data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta analisis struktural, analisis ajén moral, jeung analisis kritéria milih bahan ajar kana novél *Surat Wasiat* karangan Samsoedi.

1) Analisis Struktural

Dina ieu panalungtikan digunakeun analisis struktural kalayan téori Stanton, anu dianalisisna di antarana téma, fakta carita anu ngawengku galur, latar jeung karakter (tokoh & penokohan), jeung sarana sastra/carita.

2) Analisis Ajén Moral

Ieu panalungtikan ogé ngagunakeun analisis ajén moral anu nyoko kana téori Warnaén, nu ngawengku: moral manusa ka Pangéran (MMP), moral manusa ka dirina sorangan (MMD), moral manusa ka papada jalma (MMPJ), moral manusa

Ira Nurasih, 2017

STRUKTUR JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL SURAT WASIAT KARANGAN SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMP

Universitas Pendidikan Indoensia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ka alam (MMA), moral manusa kana waktu (MMW), sarta moral manusa dina ngudag kasugemaan lahiriah jeung batiniah (MMLB).

3) Analisis Kriteria Milih Bahan Ajar

Nasution (dina Haerudin & Kardana, 2013, kc. 77) nyebutkeun, yén bahan ajar kudu dipilih dumasar kana lima hal, nya éta; (1) tujuan nu hayang dihontal; (2) dianggap miboga ajén pikeun kahirupan manusa; (3) dianggap miboga ajén minangka warisan ti entragan saméméhna; (4) aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmaan; sarta (5) luyu jeung kabutuhan katut minat siswa.

3.3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén mangrupa alat nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data dina hiji panalungtikan (Arikunto, 2010, kc. 150). Tujuanana sangkan panalungtik leuwih babari dina ngolah datana. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kartu data. Instrumén kartu data digunakeun pikeun nganalisis unsur intrinsik (struktural) jeung ajén moral anu aya dina novél *Surat Wasiat*.

1) Instrumén Talaah Pustaka

Instrumén dina ieu panalungtikan nya éta buku-buku anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

Tabél 3.1

Instrumén Céklis Talaah Pustaka

No	Téma Buku	Judul Buku	Digunakeun	Teu Digunakeun
1	Kabudayaan			
2	Sastra			
3	Kabasaan			
4	Pangajaran			

2) Kartu Data Analisis Struktural

a. Téma

Ira Nurasih, 2017
 STRUKTUR JEUNG
 PANGAJARAN AP
 Universitas Pendi

<p>KARTU DATA TÉMA</p> <p>Analisis téma novél <i>Surat Wasiat</i></p> <p>(cutatan téma novél <i>Surat Wasiat</i>)</p> <p>(kaca)</p>
--

UN BAHAN

b. Fakta Carita

<p style="text-align: center;">KARTU DATA FAKTA CARITA</p> <p style="text-align: center;">(Alur, Karakter, jeung Latar)</p> <p style="text-align: center;">Analisis fakta carita novél <i>Surat Wasiat</i></p> <p style="text-align: center;">(cutatan fakta carita novél <i>Surat Wasiat</i>)</p> <p style="text-align: center;">(kaca)</p>

c. Sarana Sastra/ Sarana Carita


<p style="text-align: center;">KARTU DATA SARANA CARITA</p> <p style="text-align: center;">(Judul, Puseur Sawangan, Gaya)</p> <p style="text-align: center;">Analisis sarana carita novél <i>Surat Wasiat</i></p> <p style="text-align: center;">(cutatan sarana carita novél <i>Surat Wasiat</i>)</p> <p style="text-align: center;">(kaca)</p>

3) Kartu Data Analisis Ajén Moral


1. Moral Manusa ka Pangéran (MMP)

<p style="text-align: center;">KARTU DATA MMP</p> <p style="text-align: center;">Analisis <i>MMP</i> novél <i>Surat Wasiat</i></p> <p style="text-align: center;">(cutatan <i>MMP</i> novél <i>Surat Wasiat</i>)</p> <p style="text-align: center;">(kaca)</p>


2. Moral Manusa ka Dirina Sorangan (MMD)




3. Moral Manusa ka Papada Jalma (MMPJ)




4. Moral manusa ka alam (MMA)



5. Moral manusa kana waktu (MMW)



6. Moral manusa dina ngudag kapuasan lahiriah jeung batiniah (MMLB)



4) Kartu Data Analisis Kriteria Milih jeung Nyusun Bahan Ajar

Ira Nurasih, 2017

STRUKTUR JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL SURAT WASIAT KARANGAN SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMP

Universitas Pendidikan Indoensia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabel 3.2

No.	Kriteria Milih Bahan Ajar	Luyu	Teu Luyu
1	Eusi bahan pangajaran luyu jeung tujuan anu hayang dihontal		
2	Dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa		
3	Dianggap mibanda ajén salaku warisan angkatan saméméhna		
4	Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan		
5	Luyu jeung kabutuh katut minat siswa		

Ira Nurasiah, 2017

STRUKTUR JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL SURAT WASIAT KARANGAN SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMP

Universitas Pendidikan Indoensia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu